

AVISOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Dat Antre anvigè: 15 novanm 2017

AVI SA A DEKRI FASON YO KA UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK FASON OU KA JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.

Lalwa egzije nou pwoteje sekre ki nan enfòmasyon medikal ki ta ka di idantite ou, epi li egzije nou ba ou yon kopi avi sa a ki dekri devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite konsènan enfòmasyon medikal nan SUNY Downstate Medical Center, estaf medikal li ak founisè swen sante ki afilye ak li, ki kolabore pou founi sèvis swen sante ak SUNY Downstate Medical Center. Yon kopi avi nou genyen nan moman an ap toujou afiche nan zòn anrejistremant nou yo. W ap kapab jwenn pwòp kopi pa w tou si w ale sou sit entènèt nou an nan "www.downstate.edu" oubyen si w rele Depatman Admisyon ki koresponn nan osinon si w mande yonn nan moman pwòchèn vizit ou an. Ou ka mande yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menmsi ou te dakò anvansa pou resevwa avi sa a elektwonikman.

Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a oubyen si ou ta bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte yon reprezantan Relasyon Pasyan (Patient Relations representative). Ou ka jwenn SUNY Downstate Medical Center Patient Relations Department nan 718-270-1111.

KIMOUN KI PRAL SUIV AVI SA A?

SUNY Downstate Medical Center bay pasyan swen sante nan kolaborasyon ak doktè, lòt pwofesyonèl swen sante ak òganizasyon. Annapre la yo ap respekte pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a:

1. Tout anplwaye, estaf medikal, estajyè, elèv oswa volontè nan:
 - a. SUNY Downstate Medical Center University Hospital of Brooklyn ak tout sèvis sipò li yo;
 - b. University Physicians of Brooklyn, Inc. (UPB) ki founi swen nan SUNY Downstate Medical Center;
 - c. SUNY Research Foundation.
2. Tout asosye SUNY Downstate Medical Center nan biznis (ki dekri pi lwen anba la a).

OTORIZASYON KI DEKRI NAN AVI SA A

Avi sa a pral eksplike divès kalite pèmisyon nou pral pran nan men ou anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou pou divès kalite rezon. De (2) kalite otorizasyon ki mansyone nan avi sa a se:

- Yon "okazyon pou refize", nou dwe ba ou anvan nou kapab itilize oubyen kominike enfòmasyon medikal ou pou sèten objektif.
- Yon "otorizasyon alekri," k ap ba w enfòmasyon an detay sou moun ki gendwa jwenn enfòmasyon medikal ou ak rezon espesyalman ki ka fè yo itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou. Nou gen otorizasyon itilize ak divilge sèlman enfòmasyon medikal ki dekri nan otorizasyon alekri a, epi nan fason ki eksplike sou fòm otorizasyon alekri ou te siyen an. Yon otorizasyon alekri ap gen yon dat ekspirasyon.

REZIME ENFÒMASYON ENPÒTAN

Egzijans pou gen Otorizasyon Alekri. Pifò itilizasyon ak divilgasyon dosye sikoterapi, itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal pou maketin ak divilgasyon ki gen ladan lavant enfòmasyon medikal ou pral mande konsantman w alekri anvan itilizasyon oswa divilgasyon an. Anplisdesa, nenpòt itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon medikal ou ki pa dekri nan avi sa a ap fèt avèk otorizasyon ou alekri sèlman. Ou ka ranpli yon fòm otorizasyon alekri tou pou kòmanse transfere dosye ou ba yon lòt moun. Si ou ban nou otorizasyon alekri, ou ka anile otorizasyon alekri a nenpòt ki lè, sof si nou te deja gentan baze sou otozizasyon an. Pou anile yon otorizasyon alekri, tanpri rele Health Information Management Department (Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante) nan 718-270-1845, epi y ap ba w fòm ki bon pou sa yo.

Eksepsyon nan Ekzijans Otorizasyon Alekri. Gen kèk sitiyasyon kote nou pa bezwen otorizasyon w alekri avan nou sèvi avèk enfòmasyon medikal oubyen anvan nou konminike yo ba lòt moun. Yo se:

- **Eksepsyon pou Tretman, Peman ak Aktivite Biznis.** Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou pou trete maladi w, pou kolekte peman pou tretman an oswa pou mennen aktivite biznis nou. Nan kèk ka, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou tou ba yon lòt founisè swen sante oswa ba yon lòt kote/moun k ap peye pou mennen aktivite peman pa yo ak kèk fonksyonman biznis pa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan seksyon I.1 avi sa a.
- **Eksepsyon pou Anyè Pasyon ak Divilgasyon ba Fanmi ak Zanmi ki Patisiye nan Swen Ou.** Nou pral mande w si w pa ta dakò nou mete enfòmasyon w nan anyè lopital nou an oswa ou pa ta dakò nou pataje enfòmasyon medikal ou avèk zanmi ak fanmi ou ki patisiye nan swen ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan seksyon I.2 avi sa a.
- **Eksepsyon nan Ijans oswa pou Bezwen Piblik.** Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou nan yon ijans oswa pou gwo bezwen piblik. Pa egzanp, nou ka kominike enfòmasyon ou yo ba otorite sante piblik nan Eta New York oswa ba depatman sante Vil New York ki otorize mennen ankèt ak kontwole transmisyon maladi. Pou jwenn plis egzanp, gade nan seksyon I.3 avi sa a.
- **Eksepsyon si yo retire Nèt oswa Anpati bagay ki ta ka Idantifye moun nan enfòmasyon yo.** Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou si nou te retire tout enfòmasyon ki ta ka idantifye w dekwa pou enfòmasyon medikal la "pa gen ditou bagay pou idantifye moun." Nou ka itilize ak divilge tou enfòmasyon ki "anpati pa gen bagay pou idantifye moun" si moun k ap resevwa enfòmasyon an dakò alekri pou pwoteje sekre enfòmasyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan seksyon I.4 avi sa a.

Dosye Elektwonik sou Sante ak Echanj Enfòmasyon sou Sante. DMC sèvi avèk yon dosye medikal elektwonik pou konsève e jwenn pifò enfòmasyon sou sante ou. Youn nan avantaj ki genyen nan dosye medikal elektwonik DMC yo, se posibilite pou pataje ak pou echanje enfòmasyon sou sante avèk anplwaye DMC oswa lòt pwofesyonèl sante kominotè k ap patisiye nan tretman ou. Lè nou antre enfòmasyon ou nan dosye medikal elektwonik la, nou gen dwa transmèt enfòmasyon sa yo, jan lalwa pèmèt sa, atravè bazdone medikal nou pataje, epitou atravè sistèm pou echanj enfòmasyon sou sante (HIEs). Nou ka resevwa enfòmasyon sou ou tou nan men lòt pwofesyonèl lasante ki enplike nan tretman ou, gras a bazdone pataje sa yo oswa HIEs. Rezo Enfòmasyon Sante Eta New York la (SHIN-NY) se echanj enfòmasyon sante pou eta New York. Nou ka chache jwenn konsantman ou pou resevwa enfòmasyon medikal nan men lòt pwofesyonèl lasante, si enfòmasyon sa yo disponib sou SHIN-NY. Pou plis enfòmasyon sou SHIN-NY, tanpri vizite <https://www.nyehealth.org>.

Fason pou jwenn aksè nan Enfòmasyon Medikal ou. Anjeneral ou gen dwa pou enspekte ak fè kopi enfòmasyon medikal ou. Pou jwenn plis egzanp, gade nan seksyon II.1 nan avi sa a.

Fason pou Korije Enfòmasyon Medikal ou. Ou gen dwa pou mande nou chanje enfòmasyon medikal ou si ou kwè yo pa egzak oswa yo pa konplè. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan seksyon II.2 avi sa a.

Fason pou Idantifye Lòt moun ki te resevwa Enfòmasyon Medikal ou. Ou gen dwa pou resevwa yon "rapò sou divilgasyon," ki idantifye sèten moun oswa òganizasyon nou te kominike enfòmasyon medikal ou annakò avèk pwoteksyon ki dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Anpil divilgasyon nou fè dòdinèman p ap enkli nan rapò sa a, men rapò a ap idantifye anpil divilgasyon enfòmasyon nou pa fè dòdinèman. Pou jwenn plis egzanp, gade nan seksyon II.3 nan avi sa a.

Fason Pou Mande Lòt Pwoteksyon Anplis pou Konfidansyalite. Ou gen dwa pou mande plis restriksyon fèt sou fason nou itilize enfòmasyon medikal oubyen oswa sou fason nou pataje yo avèk lòt moun. Nou pa oblije dakò ak restriksyon ou mande a, men si nou dakò, nou dwe respekte akò nou an. Men, si ou mande pou mete restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon medikal ou pou peman oswa pou fonksyònman swen sante ba yon moun/kote k ap peye, epi divilgasyon an konsène yon atik oswa sèvis swen sante oumenm (oswa yon lòt moun onon w) te peye annantye ak lajan nan pòch nou nan moman demann ou an, nou gen obligasyon dapre lalwa aksepte restriksyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan seksyon II.4 avi sa a.

Fason Pou Mande Plis Kominikasyon Konfidansyèl. Ou gen dwa pou mande nou kontakte ou nan yon fason ki plis konfidansyèl pou ou, pa egzanzp lakay ou olye se nan travay ou. Nou pral eseye reponn a tout demann ki lojik. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan seksyon II.5 avi sa a.

Fason Yon Moun Ka aji Onon w. Ou gen dwa pou nonmen yon reprezantan pèsònèl ki ka aji onon w pou kontwòle konfidansyalite enfòmasyon medikal ou. Anjeneral, paran ak gadyen ap gen dwa pou kontwòle konfidansyalite enfòmasyon medikal minè sof si timoun yo gen otorizasyon dapre lalwa pou aji onon pwòp tèt pa yo.

Fason Pou Aprann Pwoteksyon Espesyal pou VIH, Abi Alkòl ak Dwòg, Sante Mantal ak Enfòmasyon Jenetik. Gen pwoteksyon espesyal ki aplike pou enfòmasyon anrapò ak VIH, pou enfòmasyon sou tretman pou abi alkòl ak dwòg, enfòmasyon sou sante mantal, ak pou enfòmasyon jenetik. Kèk pati nan Avi jeneral sa a sou Pratik Konfidansyalite gendwa pa aplike pou kalite enfòmasyon sa yo. Si tretman w gen pou wè ak enfòmasyon sa yo, yo pral ba w avi apa ki eksplike fason enfòmasyon sa yo pral pwoteje. Pou mande kopi lòt avi sa yo kounye a, tanpri kontakte Depatman Admisyon an nan 718-270-2862.

Fason pou jwenn yon kopi Avi Revize. Nou ka chanje pratik sou konfidansyalite nou yo detanzantan. Si nou fè sa, n ap revize dokiman sa dekwa pou w gen yon rezime ekzak sou prensip nou yo. Avi revize a ap aplike pou tout enfòmasyon medikal ou. N ap afiche tout nouvo avi nan zòn anrejistremman nou yo. Nou pral ba ou tou pwòp kopi pa w de avi revize a si ou mande sa. Dat avi a antre anvigè ap toujou make sou premye paj la nan kwen anlè adwat. Nou oblije respekte kondisyon ki nan dènve avi ki anvigè a.

Fason Yo pral Enfòme w si gen yon Vyolasyon. Nou pran pwoteksyon enfòmasyon medikal ou trè oserye. Men, sizoka malerezman ta gen yon vyolasyon enfòmasyon medikal ou genyen ki pa pwoteje, ou gen dwa pou yo enfòme w de vyolasyon an. N ap voye ba ou yon avi alekri konsènan detay vyolasyon an epi si nou pa arive kontakte ou, n ap fè tout efò pou kontakte ou pa lòt metòd.

Fason pou Pote yon Plent. Si ou kwè yo te vyole dwa ou genyen konsènan vi prive w, ou ka depoze yon plent bòkote nou oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. *Pèsonn pa pral fè reprezay ni pran sanksyon kont ou poutèt ou pote yon plent.*

Pou pote yon plent bòkote nou, tanpri kontakte yon reprezantan Relasyon Pasyan nan 718-270-1111. Ou ka kontakte tou Nimewo nan SUNY Downstate Medical Center pou fè respekte Kòd Konduit (Compliance Line) nan **877-349-SUNY (7869)** oswa pou fè yon rapò sou entènèt, ou ka klike sou “Compliance Line” nan anba sou sit entènèt SUNY Downstate Medical Center a www.downstate.edu

Pou pote yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, ou ka ekri oswa rele:

Biwo pou Dwa Sivil nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, Office for Civil Rights
U.S. Department of Health & Human Services
26 Federal Plaza - Suite 3313
New York, NY 10278

Nimewo telefòn: (212) 264-3313
TDD: (212) 264-2355
Nimewo Faks: (212) 264-3039

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE- DETAY

Nou pran angajman pwoteje sekre enfòmasyon nou pran sou ou pandan n ap ofri w sèvis anrapò ak lasante. Men kèk egzanp enfòmasyon medikal ki pwoteje yo:

- enfòmasyon ki di ou se pasyan nou oswa w ap resevwa tretman oubyen lòt sèvis nan men nou ki gen rapò ak lasante;
- enfòmasyon sou eta sante w (pa egzanp yon maladi ou ka genyen);
- enfòmasyon sou pwodui oswa sèvis swen sante ou te resevwa oswa ou ka resevwa alavni (pa egzanp yon operasyon); oswa
- enfòmasyon sou benefis swen sante ki nan yon plan asirans (pa egzanp èske yo kouvri yon preskripsyon);

lè yo ansanm ak:

- enfòmasyon demografik (tankou non w, adrès oswa kondisyon asirans ou);
- nimewo inik ki ka idantifye w (pa egzanp nimewo sekirite sosyal ou, nimewo telefòn ou oswa nimewo lisans ou); ak
- lòt kalite enfòmasyon ki ka idantifye ki moun ou ye.

I. FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU

1. Tretman, Peman ak Aktivite Biznis

Anvan ou resevwa sèvis nan SUNY Downstate Medical Center, yo pral mande w siyen yon deklarasyon pou nou ka itilize enfòmasyon medikal ou oswa kominike yo ba lòt moun pou yo trete maladi w lan, pou nou jwenn peman pou tretman an ak pou mennen aktivite biznis nou. Nan sèten ka, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou pou aktivite peman ak sèten aktivite biznis yon lòt founisè swen sante oswa moun/kote k ap peye. Anba a gen kèk ekzanp sou fason yo ka itilize ak divilge enfòmasyon w yo pou rezon sa yo.

Tretman. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk doktè oswa enfimyè nan SUNY Downstate Medical Center k ap patisipe nan pran swen nan ou epi yo kapab yomenm itilize enfòmasyon sa a pou fè dyagnostik oswa pou trete w. Pa egzanp, doktè nou yo ka pataje enfòmasyon medikal ou ak yon lòt doktè anndan lopital nou an oswa avèk yon doktè nan yon lòt lopital pou jwen kijan pou fè dyagnostik oswa pou trete ou. Doktè w lan ka pataje enfòmasyon medikal ou tou avèk yon lòt doktè yo te refere w ba li pou swen sante alavni. Si enfòmasyon medikal ou estoke sou fòm elektwonik, e fè pati Echanj Enfòmasyon sou Sante nou (HIE), li ka aksesib pou lòt pwofesyonèl ki gen dwa jwenn enfòmasyon sa yo si sante ou mande sa.

Peman. Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou oswa pataje yo avèk lòt moun pou nou ka jwenn peman pou sèvis swen sante ou yo. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon ou ak konpayi asirans sante ou pou nou jwenn ranbousman apre nou te fin trete ou oubyen pou jwenn èske y ap kouvri tretman w lan. Nou ka bezwen enfòmasyon konpayi asirans sante ou tou sou eta sante w pou jwenn apwobasyon alavans pou tretman ou, pa egzanp si ou entènè lopital la pou yon kalite operasyon espesyalman. Pou fini, nou ka pataje enfòmasyon ou yo avèk lòt founisè swen sante ak moun/kote k ap peye pou yo fè aktivite peman pa yo.

Aktivite Biznis. Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou oswa pataje yo avèk lòt moun pou mennen aktivite biznis nou. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon medikal ou pou evalue pèfòmans anplwaye nou yo nan swen y ap ba ou, oswa pou fòme anplwaye nou yo sou fason pou amelyore swen yo ba ou. Pou fini, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk lòt founisè swen medikal ak moun/kote k ap peye pou yo mennen sèten aktivite biznis pa yo, si enfòmasyon yo gen rapò ak yon relasyon founisè a genyen ansanm ak ou, oswa yon relasyon nou te genyen anvansa, ak si founisè a oswa moun/kote k ap peye a gen obligasyon dapre lalwa federal pou pwoteje kondifidansyalite enfòmasyon medikal ou.

Aktivite pou Ranmase Lajan. Pou soutni fonksyonman biznis nou, nou ka itilize enfòmasyon demografik ou, ki gen ladan enfòmasyon sou laj ou, sèks ak dat nesans ou, kikote w abite oswa travay, dat ou te resevwa tretman, kondisyon asirans sante ou, depatman oubyen klinik kote ou te resevwa tretman, non doktè ki te trete w lan ak enfòmasyon jeneral sou rezilta (pa egzanp yon rezilta pozitif oswa negatif pou tretman) dekw pou nou kontakte w pou ranmase lajan pou ede nou fonksyonnen. Nou ka pataje enfòmasyon sa yo ak yon fondasyon charite ki va kontakte ou pou ranmase lajan pou nou. Ou gen yon dwa pou refize resevwa enfòmasyon nan men nou pou aktivite pou ranmase lajan. Pou fè sa, tanpri kontakte Depatman Relasyon Pasyan an nan 718-270-1111 ki va ba w yon fòm demann ki bon pou sa. Anplisdesa, w ap gen chans tou pou refize patisipe nan resevwa lòt kominikasyon pou ranmase lajan ak nenpòt lòt demann ou resevwa de noumenm.

Asosye nan Biznis. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba kontraktè, ajan oswa lòt asosye nan biznis ki bezwen enfòmasyon yo pou ede nou jwenn peman oswa pou fonksyonman biznis nou. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk yon konpayi bòdwo ki ede nou jwenn peman nan men konpayi asirans ou. Yon lòt egzanp sèke nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk yon konpayi kontablite oswa yon kabinè avoka ki founi nou konsèy pwofesyonèl sou fason pou amelyore sèvis swen sante nou yo epi respekte lalwa. Si nou kominike enfòmasyon medikal ou ba yon asosye nan biznis, n ap gen yon kontra alekri pou asire asosye nan biznis nou an pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal ou tou.

Etidyan ak Estajyè Swen Sante. SUNY Downstate Medical Center se yon sant inivèsitè ki bay fòmasyon klinik ak estaj pou elèv ak estajyè swen sante. Nan sans sa, nou ka pataje enfòmasyon ou avèk yo, akondisyon yo respekte règleman nou pou pwoteje enfòmasyon prive ou yo.

2. Lis Pasvan/Fanmi ak Zanmi

Nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou nan Lis Lopital nou an oswa pataje yo ak fanmi ak zanmi ki patisipe nan swen ou san nou pa gen otorizasyon ou alekri. W ap gen chans kanmenm pou opoze ak sa pandan anrejistreman w. Nan kadijans medikal, sito ijans lan fini, n ap diskite ak ou sou sa ou prefere. Ou ka chanje oswa retire kontestasyon w lan nenpòt ki lè. Nou va respekte sa w vle a sof si lalwa egzije nou fè lekotrè.

Anyè Lopital. Si ou pa refize nou fè sa, pandan w se yon pasyan nan lopital la oswa nan yonn nan etablisman yo ki site nan kòmansman avi sa a, nou pral mete nan Lis Lopital nou an non w, kikote w ye nan etablisman nou an, eta w anjeneral (pa egzanp, pasab, estab, grav, elatriye) ak ki relijyon ou ye. Aleksepsyon ki relijyon w ye, yo ka bay enfòmasyon ki nan anyè ba moun ki mande pou ou pa non w. Yo ka kominike relijyon ou ba yon responsab legliz, tankou pè oubyen raben, menmsi yo pa mande pou ou pa non w.

Fanmi ak Zanmi ki Patisipe nan Swen Ou. Pandan anrejistreman, w ap gen chans pou idantifye manm fanmi, pwòch ou oswa zanmi pre pèsònèl nou ka kominike enfòmasyon medikal ou, ki se moun k ap patisipe nan swen ou oswa k ap peye pou swen yo. Nou ka avèti yon manm fanmi, reprezantan pèsònèl oswa yon lòt moun ki responsab pou swen ou sou kikote ou ye ak eta jeneral ou nan lopital la oswa pou sizoka ou ta vin mouri malerezman. Nan kèk ka, nou ka bezwen kominike enfòmasyon ou yo ba yon òganizasyon ki pote sekou nan katastwòf ki ka ede nou avèti moun sa yo.

3. Ijans oswa pou Bezwen Piblik

Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou epi kominike yo ba lòt moun pou trete w nan yon kadijans oswa pou reponn a gwo bezwen piblik. Nou p ap oblije jwenn konsantman jeneral alekri nan men w ni otorizasyon alekri anvan pou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Men, pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ou nan sitiyo sa yo, lè lwa Eta a mande espesyalman pou nou fè sa, nou va pran yon otorizasyon alekri nan men ou, oswa nou va ba ou yon okazyon pou refize.

Ijans. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou si ou bezwen tretman dijans oswa si lalwa egzije nou trete ou, alòske nou pa ka pran konsantman jeneral ou alekri. Si sa rive, nou va eseye pran konsantman jeneral ou alekri sito nou kapab fè li lojikman apre nou fin trete w.

Baryè pou Kominikasyon. Si nou pa ka pran konsantman jeneral nan men ou alekri poutèt gwo baryè kominikasyon, epi nou kwè ou ta vle nou trete w si nou te ka kominike avèk ou, nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou.

Dapre Egzijans Lalwa. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou si lalwa egzije nou fè sa. N ap fè w konnen itilizasyon ak divilgasyon sa yo tou si lalwa ekzije yon avi.

Aktivite Sante Piblik. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba fonsyonè otorize sante piblik (oswa yon ajans leta etranje k ap kolabore avèk fonsyonè sa yo) pou yo ka mennen aktivite sante piblik yo. Pa egzanp, nou ka kominike enfòmasyon medikal ou ba fonsyonè leta ki responsab kontwole maladi, blesi oswa enfimite, oswa pou rapòte nesans ak lanmò. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou tou ba yon moun ki te petèt ekspozè a yon maladi atrapan oswa ki nan risk pou trape oubyen pou gaye yon maladi si lalwa pèmèt nou fè sa. Epi pou fini, nou ka divilge kèk enfòmasyon medikal ou ba travay ou si travay la anboche nou pou fè yon egzamen fizik pou ou ak si nou dekouvri ou gen yon aksidan oswa maladi ki gen rapò ak travay patwon w dwe konnen pou respekte lwa sou travay.

Viktim Abi, Neglijans oubyen Vyolans Familyal. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon otorite sante piblik ki otorize resevwa rapò sou abi, neglijans oswa vyolans familyal. Pa egzanp, nou ka rapòte enfòmasyon ou yo bay fonksyonè leta yo si nou gen rezon pou kwè ou se yon viktim abi, neglijans oswa vyolans familyal. Nou va fè tout efò pou jwenn otorizasyon w anvan nou divilge enfòmasyon sa yo, men nan kèk ka nou gen dwa oblije oubyen otorize aji san pèmision ou.

Aktivite pou Siveyans Sante. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba ajans leta ki otorize pou yo fè odit, ankèt ak enspeksyon nan etablisman nou an. Ajans leta sa yo kontwole fonksyonman sistèm swen sante a, pwogram benefis leta tankou Medicare ak Medicaid ak si yo respekte pwogram règleman leta ak lwa sou dwa sivil yo.

Kontwòl, Reparasyon ak Rantre Pwodui. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon moun oswa yon konpayi ki anba règleman Administrasyon pou Kontwòl Medikaman ak Manje (FDA) nan objektif pou: (1) rapòte oubyen suiv defo oswa pwoblèm ki gen nan pwodui; (2) repare, ranplase oswa rantre pwodui ki gen defo oswa ki danjere; oswa (3) kontwole pèfòmans yon pwodui apre li te apwouve pou piblik la itilize li anjeneral.

Pwosè ak Konfli. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou si yon tribinal oswa tribinal administratif k ap okipe yon pwosè oswa yon lòt konfli te ban nou lòd pou fè sa.

Responsab Aplikasyon Lalwa. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba responsab aplikasyon lalwa pou rezon sa yo:

- Pou respekte lòd tribinal oswa lwa nou oblije suiv;
- Pou ede ajan lapolis idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon moun ki sove, yon temwen oubyen yon moun ki disparèt;
- Si w te viktim yon krim epi nou jwenn: (1) nou pa te arive pran konsantman jeneral ou alekri akòz yon ijans oswa ou pa gen kapasite pou bay li; (2) responsab aplikasyon lalwa yo bezwen enfòmasyon sa yo tousuit pou fè respekte lalwa; epi (3) dapre jijman pa nou sou plan pwofesyonèl divilgasyon bay ajan sa yo se nan pi bon enterè pa ou;
- Si nou sispèk lanmò ou se apatide konduit kriminèl;
- Si li nesèsè pou rapòte yon krim ki te fèt sou pwopriete nou an; oswa
- Si li nesèsè pou rapòte yon krim ki dekouvri pandan yon ijans medikal andeyò etablisman nou an (pa egzanp, teknisyen ijans medikal dekouvri li nan kote yon krim te komèt).

Pou Anpeche yon Menas Grav epi Ki prèt pou rive sou Sante oswa Sekirite. Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou oswa pataje yo avèk lòt moun lè sa nesèsè pou anpeche yon menas grav epi ki prèt pou rive sou sante oswa sekirite yon lòt moun oubyen piblik la. Nan ka sa yo, n ap divilge enfòmasyon ou yo sèlman ak yon moun ki ka ede anpeche menas la. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou tou ba ajan lapolis si ou di nou ou te patisipe nan yon krim vyolan ki te ka lakòz domaj fizik grav pou yon lòt moun (sof si ou rekonèt bagay la pandan kaounselin) oswa si nou jwenn ou sove nan lagad legal (pa egzanp nan yon prizon oswa yon enstitisyon pou maladi mantal).

Aktivite Sekirite Nasyonal ak Ransèyman oswa Sèvis Pwoteksyon. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba responsab federal otorize k ap fè aktivite sekirite nasyonal ak ransèyman oswa k ap bay sèvis pwoteksyon pou Prezidan an oswa lòt gwo fonksyonè.

Militè ak Veteran. Si ou nan Lame, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba otorite kòmandman militè pou aktivite yo jije ki nesèsè pou byen akonpli misyon militè yo. Nou ka divilge enfòmasyon medikal tou sou pèsònèl militè etranje ba otorite militè etranje apwopriye.

Prizonye Ak Enstitisyon Koreksyonèl. Si ou se yon prizonye oswa yon ajan lapolis arete w, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba prizon an oswa ajan lapolis la, si sa nesèsè, pou ba ou swen sante oswa pou pwoteje sekirite ak bon lòd nan kote yo fèmen w lan. Sa gen ladan kominike enfòmasyon ki nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite lòt prizonye oswa moun ki patisipe nan siveye oswa transpòte prizonye.

Konpansasyon Travayè. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba konpansasyon travayè oswa ba pwogram menm jan konsa ki founi benefis pou domaj ki gen rapò ak travay.

Doktè lejis (coroner), Egzaminatè medikal ak Direktè Ponp finèb. Sizoka ou ta vin mouri malerezman, nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou ba yon doktè legis oubyen egzaminatè medikal. Sa ka nesèsè pa egzanp pou detèmine kòz lanmò a. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo ba direktè mezon finèb tou, si sa nesèsè, pou yo byen fè travay yo.

Don Ògàn ak Tisi. Sizoka ou ta vin mouri malerezman, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba òganizasyon ki bay oswa ki kenbe ògàn, zye oswa lòt tisi pou òganizasyon sa yo ka analize si don oswa grèf posib dapre lwa ki aplike pou sa.

Rechèch. Nan pifò ka, n ap mande konsantman w alekri anvan nou sèvi ak enfòmasyon medikal ou oswa anvan nou pataje yo avèk lòt moun pou fè rechèch. Men, nan kèk sikonstans, nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou san otorizasyon w alekri si nou jwenn apwobasyon grasa yon pwosesis espesyal pou asire rechèch san otorizasyon w alekri reprezante yon risk minim pou vi prive w. Men nan ankenn sikonstans, nou p ap pèmèt chèchè yo itilize non w ni idantite w piblikman. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou san otorizasyon w alekri tou ba moun k ap prepare yon pwojè rechèch pi devan, depi kèlkanswa enfòmasyon ki idantifye w pa soti andeyò etablisman nou an. Sizoka ou ta vin mouri malerezman, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk moun k ap fè rechèch ki sèvi avèk enfòmasyon moun mouri, depi yo dakò pou yo pa soti nan etablisman an ak kèlkanswa enfòmasyon ki idantifye w. 50 an apre lanmò, enfòmasyon medikal yo pa anba pwoteksyon ki dekri nan avi sa a ankò.

4. Yo retire Nèt oswa yo retire Anpati bagay ki ta ka idantifye moun nan enfòmasyon yo.

Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou si nou te retire tout enfòmasyon ki gen posiblite pou idantifye w dekwa pou enfòmasyon medikal la vin "pa gen ditou bagay pou idantifye moun." Nou ka itilize ak divilge tou enfòmasyon medikal ou ki "anpati pa gen bagay pou idantifye w" si moun k ap resevwa enfòmasyon an siyen yon akò pou pwoteje sekre enfòmasyon an jan lalwa federal oswa lwa eta a egzije sa. Enfòmasyon ki "anpati pa gen bagay pou idantifye moun" pa pral gen ankenn enfòmasyon ki ta ka idantifye w dirèkteman pa egzansp non w, ri adrès ou, nimewo sekirite sosyal, nimewo telefòn, nimewo faks, adrès imèl, adrès sit wèb oubyen nimewo lisans ou).

5. Divilgasyon pa Aksidan

Menmsi nou pran mezi ki nesèsè pou pwoteje sekre enfòmasyon medikal ou, sèten divilgasyon enfòmasyon medikal ou ka rive pandan lòt itilizasyon oswa divilgasyon nou otorize fè ak enfòmasyon medikal ou, oswa yo ka yon kòz nou pa ka evite ki soti nan lòt itilizasyon oswa divilgasyon yo. Pa egzansp, pandan yon seyans tretman, lòt pasyan nan zòn tretman an ka wè oswa tande yon konvèsasyon sou enfòmasyon medikal ou.

II. DWA W POU JWENN AKSÈ AK KONTWOLE ENFÒMASYON MEDIKAL OU

Nou vle ou konnen ou gen dwa annapre la yo pou jwenn aksè ak kontwole enfòmasyon medikal ou. Dwa sa yo enpòtan paske yo pral ede w asire enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo ekzak. Yo ka ede ou kontwole tou fason nou sèvi ak enfòmasyon yo epi pataje yo ak lòt moun, oswa fason nou kominike avèk ou pou zafè medikal ou yo.

1. Dwa Pou Enspekte ak Kopye Dosye

Ou gen yon dwa pou enspekte ak jwenn yon kopi nenpòt enfòmasyon medikal ki kapab itilize pou pran desizyon konsènan oumenm ak tretman w toutotan nou kenbe enfòmasyon sa yo nan dosye nou. Sa konsènen dosye medikal ak bòdwo. Pou enspekte oswa pou jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ou, tanpri kontakte Health Information Management Department (Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante) nan 718-270-1845, epi y ap ba w yon fòm ki bon pou sa. Si ou mande yon kopi enfòmasyon sa yo, n ap fè w peye yon pri mwayen rezonab, jan lalwa pèmèt sa. Dabitid ou dwe peye frè a anvan oswa omoman nou ba ou kopi yo.

N ap reponn anvan 10 jou fin pase pou demann ou fè pou enspekte dosye w. Nòmalman nou reponn demann pou kopi anvan 30 jou fin pase. Sizoka nou bezwen plis tan pou reponn yon demann pou kopi, n ap avèti w alekri nan delè tan ki anwo a pou eksplike rezon reta a, ak kilè ou ka espere jwenn yon repons definitif pou demann ou an. Men n ap toujou reponn demann ou fè pou kopi yo anvan 60 jou fin pase.

Nan sèten sikonstans ki trè limite, nou ka refize demann ou fè pou enspekte oswa pou jwenn yon kopi enfòmasyon ou yo. Si nou fè sa, alapas n ap ofri ou ak yon rezime enfòmasyon yo. N ap bay tou yon avi alekri ki eksplike rezon ki fè nou bay yon rezime sèlman, yon deskripsyon konplè sou dwa ou genyen pou yo revize desizyon an ak fason ou ka egzèsè dwa sa yo. Avi a ap genyen ladan tou enfòmasyon sou fason pou pote yon plent pou pwoblèm sa yo bòkote nou oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. Si nou gen rezon pou refize sèlman yon pati nan demann ou an, n ap ba w aksè total nan pati ki rete yo apre nou fin retire enfòmasyon nou pa ka kite ou enspekte oubyen kopye yo.

2. Dwa Pou Korije Dosye

Si ou kwè enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo pa kòrèk oubyen yo pa konplè, ou ka mande nou chanje enfòmasyon yo. Ou gen yon dwa pou mande yon chanjman toutotan enfòmasyon yo konsève nan dosye nou yo. Pou mande yon koreksyon, tanpri kontakte Health Information Management Department (Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante) nan 718-270-1845, epi y ap ba w yon fòm ki bon pou sa. Sou fòm demann lan, ou dwe mete rezon ki fè ou panse nou dwe fè koreksyon an. Nòmman, nou pral reponn demann ou an anvan 60 jou fin pase. Si nou bezwen plis tan pou reponn, n ap avèti w alekri anvan 60 jou fin pase pou eksplike rezon reta a, ak kilè ou ka espere jwenn yon repons definitif pou demann ou an.

Si nou refize demann ou an nèt oswa anpati, n ap bay yon avi alekri ki eksplike pou ki rezon nou fè sa. W ap gen dwa pou yo antre nan dosye w sèten enfòmasyon ki gen rapò ak demann koreksyon an. Pa egzanp, si ou pa dakò ak desizyon nou an, ou pral gen yon chans pou soumèt yon deklarasyon pou eksplike dezakò w lan, epi nou pral antre li nan dosye ou yo. N ap mete tou enfòmasyon sou fason pou pote yon plent bòkote nou oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. Pwosedi sa yo ap eksplike ak plis detay nan kèlkanswa avi refi alekri nou voye ba ou.

3. Dwa pou yon Rapò sou Divilgasyon

Ou gen dwa pou mande yon "rapò sou divilgasyon," ki idantifye sèten lòt moun oswa òganizasyon nou te kominike enfòmasyon medikal ou annakò ak lwa ki aplike pou sa ak pwoteksyon ki dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Yon rapò sou divilgasyon pa dekri fason enfòmasyon medikal ou te pataje anndan lopital la ak etablisman yo ki site nan kòmansman avi sa a, nitou fason yo te pataje yo ant yomenm, depi nou te suiv tout pwoteksyon ki dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a (pa egzanp jwenn apwobasyon ki nesèsè yo anvan nou pataje enfòmasyon medikal ou avèk doktè nou yo pou fè rechèch).

Yon rapò sou divilgasyon pa gen nonplis enfòmasyon sou divilgasyon sa yo:

- Divilgasyon nou te fè ba ou oswa ba reprezantan pèsònèl ou;
- Divilgasyon nou te fè dapre otorizasyon ou alekri;
- Divilgasyon nou te fè pou tretman, peman oswa fonksyonman biznis;
- Divilgasyon yo fè atravè Echanj Enfòmasyon sou Sante (HIEs);
- Divilgasyon ki fèt apatide lis pasyan;
- Divilgasyon ki te fèt ba zanmi ou ak fanmi ou ki patisipe nan swen ou oswa nan peman pou swen ou;
- Divilgasyon ki asosye ak itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ou nou otorize fè (pa egzanp, lè yon lòt pasyan k ap pase tande enfòmasyon an);
- Divilgasyon pou rechèch, sante piblik oswa fonksyonman biznis de moso enfòmasyon medikal ou ki pa idantifye w dirèkteman;
- Divilgasyon ki fèt ba fonksyonè federal pou aktivite sekirite nasyonal ak ransèyman;
- Divilgasyon konsènan prizonye ba enstitisyon koreksyonèl oswa ajan lapolis;
- Divilgasyon yo fè plis pase sis ane de sa.

Pou mande yon rapò sou divilgasyon, tanpri kontakte Health Information Management Department (Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante) nan 718-270-1845, epi y ap ba w yon fòm ki bon pou sa. Sou fòm nan demann lan, ou dwe di yon peryòd tan pandan sis ane ki sot pase yo pou divilgasyon ou vle nou mete yo. Paregzanp, ou ka mande yon lis divilgasyon ke nou te fè nan ane anvan an. Ou gen dwa pou resevwa yon rapò gratis anndan chak peryòd 12 mwa. Men, nou ka chaje w frè pou bay lòt rapò anplis nan menm peryòd 12 mwa sa. N ap fè ou konnen nenpòt frè ki genyen, dekwa pou w ka chwazi anile oswa chanje demann ou an anvan nou gentan fè kèlkanswa depans.

Nòmman, nou pral reponn demann rapò w lan anvan 60 jou fin pase. Si nou bezwen plis tan pou prepare rapò ou mande a, n ap fè w konnen alekri rezon reta a, ak ki dat ou ka espere resevwa rapò a. Nan ka ki ra, nou ka pran reta pou ba ou rapò a san nou pa avèti w paske yon fonksyonè aplikasyon lalwa oswa ajans leta mande nou fè sa.

4. Dwa pou Mande Lòt Pwoteksyon Anplis pou Konfidansyalite

Ou gen dwa pou mande nou mete plis restriksyon sou fason nou itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou pou tretre maladi w, kolektè peman pou tretman an oswa pou mennen aktivite biznis nou. Ou ka mande nou limite tou fason nou divilge enfòmasyon ou ba fanmi ouwa zanmi ki patisipe nan swen ou. Pa egzanp, ou ka mande nou pa divilge enfòmasyon sou yon operasyon ou te fè. Y ap ba w okazyon pou mande yon restriksyon pandan anrejistremman w. Ou ka kontakte Depatman Relasyon Pasyan an tou nan 718-270-1111 ki va ba w yon fòm demann ki bon pou sa. Sou fòm demann lan, ou dwe mete (1) ki enfòmasyon ou vle limite; (2) èske ou vle limite fason nou itilize enfòmasyon an, fason nou pataje li ak lòt moun ouwa toude; ak (3) pou kiyès ou vle limit yo aplike.

Nou pa oblije dakò ak demann ou fè pou yon restriksyon epi nan kèk ka lalwa gendwa pa pèmèt restriksyon ou mande a. *Si nou dakò, n ap gen obligasyon respekte akò nou an eksepte si nou bezwen enfòmasyon an pou ba w tretman dijans ouwa pou respekte lalwa.* Men, si ou mande pou mete restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon medikal ou pou peman ouwa pou fonksyonman swen sante ba yon moun/kote k ap peye, epi divilgasyon an konsène yon atik ouwa sèvis swen sante oumenm (oswa yon lòt moun onon w) te peye annantye ak lajan nan pòch nou nan moman demann ou an, nou gen obligasyon dapre lalwa aksepte restriksyon an. Depi nou fin dakò ak yon restriksyon, ou gen dwa pou anile restriksyon an nenpòt ki lè. Nan kèk sikonstans, w ap gen dwa tou pou anile restriksyon an toutotan nou fè w konnen anvan sa fèt; nan lòt ka, n ap bezwen otorizasyon w anvan nou ka anile restriksyon an.

5. Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl

Ou gen yon dwa pou mande nou kominike avèk ou pa lòt mwayen oubyen nan lòt kote dekwa pou nou kominike avèk ou sou zafè medikal ou yo nan fason ki pi konfidansyèl. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w lakay ou olye se nan travay ou. Y ap ba w okazyon pou mande kominikasyon konfidansyèl pandan anrejistremman w. Ou kontakte Depatman Relasyon Pasyan an tou nan 718-270-1111 ki va ba w yon fòm demann ki bon pou sa. Sou fòm demann lan, ou dwe presize kijan ouwa kikote ou vle yo kontakte w ak kijan peman pou swen sante w ap fèt si nou kominike avèk ou pa lòt metòd ouwa nan lòt kote sa a. *Nou pa pral mande pou ki rezon ou fè demann lan epi n ap eseye reponn a tout demann ki lojik.*